# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–19 जून 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी बिहने बिहार के सिवान जिला से गोरखपुर पाटलीपुत्र वंदे भारत ट्रेन के वर्चुअली हरियर झंडी देखइहें। उद्घाटन के तइयारियन क जायजा लेवे बदे रेलवे बोर्ड क चेयरमैन सतीश कुमार आजु गोरखपुर पहुचलें। उहां के गोरखपुर रेलवे स्टेसन परिसर अउर क्रू लॉबी क निरीक्षण कइलीं। प्रधानमंत्री अपने सिवान दौरा से पहिले कुशीनगर जिला में एयरपोर्ट पर कुछु देर खातिर रूकिहें। उनके अइले के देखत ओइजो पुरहर तइयारी कइल गइल हौ।

**********

गोरखपुर से लखनऊ क सफर बिहने से अउरियो सरल आ सुगम हो जाई। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहनहीं एक्यानबे किलोमीटर लमहर गोरखपुर लिंक एक्सप्रेस–वे क उद्घाटन करिहें। ई एक्सप्रेस–वे गोरखपुर जिला के सोझे पूर्वांचल एक्सप्रेस–वे से जोड़त लखनऊ ले पहुंचले क रास्ता असान करे जा रहल हौ। एकरे सुरूआति से न त खाली गोरखपुर से लखनऊ क दूरी कम समय में पूरा कइल जा सकी, बलुक पूरबी उत्तर प्रदेस के औद्योगिक विकासो के गति मिले जा रहल हौ। हमरे गोरखपुर प्रतिनिधि बतवलें कि गोरखपुर लिंक एक्सप्रेस–वे के लोकारपण के मौका पर मुख्यमंत्री सुरक्षा फ्लीट के हरियर झंडी देखा के रवाना करिहें। सड़क सुरक्षा बदे लिंक एक्सप्रेस–वे पर भी लखनऊ–आगरा एक्सप्रेस–वे के तरियन एडवांस ट्रैफिक मैनेजमेंट सिस्टम लागू कइल जा रहल हौ।

**********

राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन सरकार क इग्यारह सालि पूरा भइले पर, देस में खेलिनि में बड़हन स्तर पर बदलाव आइल हौ। टारगेट ओलंपिक पोडियम स्कीम, खेलो इंडिया अउर खेलो इंडिया राइजिंग टैलेंट आइडेंटिफिकेशन–कीर्ति जइसन पहल खेलाड़ियन के परदरसन में ढेरे सुधार कइले हौ। एहसे वैस्विक खेल आयोजनन में भारतीय पदकन के संख्या में ढेरे बढ़ोत्तरी भइल बा। पैरा–एथलीट अउर एशियाई पैरालंपिक समिति के कार्यकारी बोर्ड क सदस्य दीपा मलिक आकाशवाणी समाचार से खास बातचीत में सरकार के बहुआयामी कदमन क सराहना कइलीं।

**पैरा खेलों की बात करूं डिसिबिलिटि एक्ट आया है जिसके तहत 21–7 से बढाकर 21 दिव्यांगताओं को उन्होंने डिसिबिलिटि एक्ट के अंतर्गत लिया। बेटी बचाओं, बेटी पढाओं, बेटी खिलाओं और साथ ही में लगता हुआ एक्सासेबल इंडिया कैंपेन एक शब्द अपंगों को दिव्यांग उनके सम्मान में तो एक ऑटोमैटिक इको सिस्टम क्रिएट हुआ जहां पर दिव्यांगों के सशक्तिकरण की बात होने लगी।**

**********

केंद्र सरकार येह बरिस पनरह अगस्त से तीनि हजार रूपिया क कीमति वाला फास्टटैग–आधारित सालाना पास क सुरूआति करी। एहसे देस भर में राष्ट्रीय राजमार्गन पर निर्बाध अउर किफायती यात्रा सम्भव होई। सड़क परिवहन अउर राजमार्ग मंत्री नितिन गड़करी काल्हि एगो सोसल मीडिया पोस्ट में एकर जनकारी दिहलें।

***तीन हजार रुपये में जो पास है सालभर का, उसका अगर टोल पे किया जाएगा तो उसकी कीमत कम से कम 10 हजार से ज्यादा रुपये का टोल देना पड़ता था, वो केवल तीन हजार रुपये में होगा और ये जो वेलिडिटी है एक साल में 200 ट्रिप को क्रॉस कर सकते हैं। इसके साथ–साथ एक ट्रिप मिन्स एक टोल को क्रॉस करना। इसका फायदा यह होगा कि 200 ट्रिप्स यानी 200 टोल क्रॉस करना होगा और एक टोल क्रॉसिंग की एवरेज कॉस्ट केवल 15 रुपये पड़ेगी।***

**********

प्रदेस क आयुष राज्य मंत्री डॉक्टर दयाशंकर मिश्र दयालु चन्दौली जिला के पंडित दीनदयाल उपाध्याय नगर में आजु योग मैराथन के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें। एक्कइस जून के मनावल जाये वाला अन्तर्राष्ट्रीय योग दिवस के उपलक्ष्य में येह मैराथन क आयोजन पतंजलि योग पीठ के ओरि से कइल गइल। एहसे पहिले उहां के बनारस जिला के नमो घाट पर एनडीआरएफ के जवानन के साथे योगाभ्यासो कइलीं। येह बिच्चे, अजोध्या जिला में राम की पैड़ी पर अन्तर्राष्ट्रीय योग दिवस के दिन्ने चारि हजार लोगिन के योगाभ्यास बदे इंतिजाम कइल जा रहल हौ।

**********

प्रयागराज के केन्द्रीय कारागार में बन्न माफिया अतीक अहमद क बेटा अली अहमद के लग्गे से नगदी बरामद भइले के मामिला में ड्यूटी पर तैनात महिला डिप्टी जेलर अउर वार्डन के मोअत्तर कइ दीहल गइल हौ। जेल प्रसासन मामिला क पुरहर जांचि कइ रहल बा। अली अहमद के लग्गे एक दिन पहिले तलासी के दौरान इग्यारह सौ रूपिया बरामद भइल रहे।

**********

प्रदेस के पूरबी जिलन में दक्खिन–पच्छिम मानूसन क दस्तक कल्हियें हो गइल। एकरे नाते पूरबी उत्तर प्रदेस के करीब सज्जो जिलन में अगिला तीनि–चारि दिन ले गरज–चमक के साथे बरखा भइले क पूर्वानुमान हौ। ओहीं, मौसम विभाग पच्छिमी उत्तर प्रदेसो में अगिला तीनि से चारि दिन ले करीब सज्जो जगहिनि पर बरखा भइले क सम्भावना जतवले हौ।

**********